

# Lanse De 1-6

**YOUNG  
MATHEMATICIANS**

Jwè 1-4

Laj 4+

5-10 min

## OBJEKTIF

Pou fè koresponn epi konbine chif ki sou zo ak kat yo.

## MATERYÈL

1-6 Konte epi Gade Kat pou chak jwè:



2 zo ki gen 1-3 pwen



## VOKABILÈ

Zo

Konbine chif

## KESYON


Ki fason ou mete kat yo nan lòd? Ak kisa w t ap panse?  
Kisa w te remake?

Ki fason w te deside konbine chif sa yo pou vire yon kat?


Ki moun ki te gen plis kat pou vire?

## KÒMAN POU JWE

1. Bay chak timoun yon pake kat 1-6 nan lòd aleyatwa.
2. Mande timoun yo ranje kat yo a nan lòd 1 a 6. Gade si yo kapab fè sa poukont yo, epi soutni yo si sa nesesè.



3. Lanse zo a. Konsa, jwè a kapab vire kat ki koresponn ak **youn** nan chif li te lanse yo, **toulede** chif li lanse yo, **oswa total** chif li jwenn nan de (2) lanse yo. Pa egzanp:



4. Si chif ou lanse a, oswa total chif yo, **pa koresponn** ak okenn kat ki vizib yo, bay pwochen jwè a zo a.
5. Jwèt la fini lè tout jwè yo fin vire tout kat yo a.

## KONSEY POU JWE

- Lè w lanse yon doub, se yon "kat jokè". Lè yon jwè lanse yon "kat jokè", li kapab chwazi vire nenpòt kat. Gade si timoun yo byen chwazi! Ede yo chwazi chif yon kat ki p ap difisil pou jwenn nan lanse a. Epitou, sa kapab akselere jwèt la.
- Ankouraje jwè yo pou pale konsènan règ jwèt la! Yo kapab deside jwè yo kapab kontinye lanse zo yo jiskaske yo kapab vire kat yo (olye pou yo bay pwochen jwè a jwe apre chak lanse).
- Anplis Konte epi Gade Kat yo, ou kapab jwe avèk Kat Pwen yo oswa nenpòt lòt kat ou genyen.

## KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Timoun yo rekonèt kantite pwen ki sou zo yo epi yo konekte kantite pwen yo ak chif ki sou kat yo.
- Lè timoun yo konbine lanse zo yo a, yo ajoute de chif ansanm pou yo jwenn yon nouvo chif. Pou konbine chif yo, timoun yo kapab bezwen konte chak pwen ki sou toude zo yo. Oswa, si yo

lanse yon 3 ak yon 2, yo kapab konte apati 3 epi di "4, 5". Konte apati, vle di olye nou kòmanse nan 1 epi nou konte rive jis nan 5, nou ap konte apati 2 oswa 3.

- Epitou, timoun yo kapab kòmanse remake gen kèk chif ki difisil pou yo jwenn nan lanse a, alòske gen lòt yo jwenn anpil. Ede yo reflechi sou estrateji jwèt yo a, ansanm ak ki chif kat yo dwe vire sou baz chif ki pi fasil pou jwenn nan lanse a.

## SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

## VIDEYO



### Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèljan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Lanse De 1-6*.